# TALABA-JASLARDÍ GLOBALLASÍW PROCESINDE MÁNÁWIY TARBIYALAWDÍŃ INNOVACIYALÍQ MEXANIZMLERI

**K.T.Primbetov** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ИННОВАЦИОННЫЕ МЕХАНИЗМЫ ДУХОВНОГО ВОСПИТАНИЯ СТУДЕНТОВ В ПРОЦЕССЕ ГЛОБАЛИЗАЦИИ

**К.Т.Примбетов** – *доктор философии педагогических наук*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# INNOVATIVE MECHANISMS FOR THE SPIRITUAL EDUCATION OF STUDENTS IN THE PROCESS OF GLOBALIZATION

**K.T.Primbetov** – *doctor of philosophy in pedagogical sciences*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** globallashuv, muammolar, yoshlar tarbiyasi, psixologiya.

**Rezyume.** Insoniyatning global muammolari, globallashuvning real jarayonlari va shakllarini aniqlashda, birinchi navbatda, yoshlar parametri turadi. Aynan yoshlar iqtisodiy va ijtimoiy jihatdan aziyat chekadi va voqealar markaziga borib qolishlari mumkin. Avvalo, yoshlar yangilanib borayotgan dunyoviy etikani puxta egallab, uning asosida yashashni o'rganishi kerak.

**Ключевые слова:** глобализация, проблемы, воспитание молодежи, психология.

**Резюме.** При определении глобальных проблем человечества, реальных процессов и форм глобализации, в первую очередь, стоит параметр молодежи. Именно молодые люди страдают экономически и социально и могут оказаться в центре событий. Прежде всего, молодежь должна овладеть обновляющейся светской этикой и научиться жить на её основе.

**Key words:** globalization, problems, youth education, psychology.

**Summary.** In identifying the global problems of humanity, the real processes and forms of globalization, the youth parameter stands first. It is young people who suffer economically and socially and may end up in the center of events. First of all, young people must master the renewing secular ethics and learn to live on its basis.

**Kirisıw.** Házirgi kúnde jańa maǵlıwmatlar turmısımızdıń ekonomikalıq hám de social transformaciya procesinde zárúrli áhmiyetke iye. Globallasıw fenomeni zamanagóy dúnyada tek ǵana ekonomika hám menshikli sektordı, emes siyasiy jáne social iskerlik tarawlarinda da kórinbekte. Globallasıwdıń tiykarında usı maǵlıwmatlardı qabıllaw, ózlestiriw, hám uzatıwdan shólkemlesken. Jaslar hár qanday jámiyettiń ajıralmaytuǵın bólegi bolıp tabıladı hám globallasıw dáwirinde eń dáslep onıń máseleleri birinshilerden bolıp júzege shıǵadı. Insaniyattıń global máseleleri, globallasıwdıń real processleri hám formaların anıqlawda, birinshi gezekte, jaslar parametri turadı. Áyne jaslar ekonomikalıq jáne social tárepten azap shegedi hám waqıyalar orayına barıp qalıwı múmkin. Aldı menen, jaslar jańalanıp baratırǵan dúnyalıq etikanı puqta iyelep, onıń tiykarında jasawdı úyreniwi kerek. Ǵárezsiz turmısqa kirip kiyatırǵan jaslarımız tınıshlıq mádeniyatın ańlawi hám tusinip jetiwi, globalizaciya procesine social aralıqtan qaraw zárúr bolıp tabıladı.

**Izertlew metodologiyası.** Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 5-iyuldaǵı PP-5106 san Pármanında aytıp ótilgenindey, globallasıw dáwirinde tálim-tárbiya procesi zaman talaplarına juwap beriwi, odan arqada qalmawı zárúrli áhmiyetke iye. 2016-jıl 30-dekabrde Prezidentimiz Sh.Mirziyoyevtıń bir topar ilimpazlar, ilim wákilleri menen bolǵan ushırasıwında aytıp ótkenindey, «Jas awladtı intalı kadrlar etip tárbiyalawdaǵı birinshi basqısh mektep talimiń túpten jetilistiriw, ilimiy kadrlar hám joqarı maman qánigeler tayarlaw procesiniń úzliksizligin taminlew zárúr. Bul jolda hesh nárseni ayamaymız» [1]. Usı ushırasıwda Prezidentimiz ekonomikamızdıń barlıq tarawları rawajlanıwında ilim-pánniń ornı, áhmiyeti úlken ekeni, buǵan baylanıslı mámleketimiz rawajlanıwında ilim hám islep shıǵarıw sherikligi búgin júda aktual ekenin bólek aytip ótti.

Talim-tárbiyaǵa innovaciyalıq jantasıw menen baylanıslı jańalıq 2017-jıl 20-fevralda, mámleketimiz ekonomikasınıń innovaciyalıq rawajlanıwda ilimiy-izertlew hám innovaciyalıq iskerlikti basqarıw hám tártipke salıwdıń birden-bir sistemasın qàliplestiriw, sonıń menen birge Ózbekstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwda ilim-pánniń ornin asırıw maqsetinde «Ilimler akademiyası iskerligi, ilimiy-izertlew jumısların shólkemlestiriw, basqarıw hám finanslıq támiynlewdi jáne de jetilistiriw ilajları haqqında» [2]. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararında kórsetip ótilgen edi. Bul qararda ılım pániń talim hám islep shıǵarıw menen integraciyası mexanizmlerin bekkemlew hám rawajlandırıw baslı wazıypa etip belgilep berilgen.

Jáhán kólemindegi máseleler globallasıw processinde bir tárepleme sheshiliwi dárejesinen qashannan berli joqarılap ketti. Heshkim, heshbir mámleket máselelerge bir tárepleme qatnas jasay almaydı. Zamanagóy texnologiyalar tiykarında islep atırǵan texnikalıq qurılmalar insan sanası jemisi retinde Jer sharın, kosmostı, qorshaǵan-ortalıqti tolıq qadaǵalaw astında uslap turıw múmkinshiliklerine jetip atır. Ótken ásirlerde waqıya-qubılıslar otmish retinde tariyxtan orin aldı. Jańa pikir, jańa sana keleshek tárepke jańasha kóriniste ózine isenimli qádem qoymaqta. Jáhán xalıqları dúnyada tınısh-tatıw, turaqlılıq, awızbirshilik principlerı tiykarında demokratiyalıq jámiyetler quriwǵa umtiladi.

Jurtımızda baslanǵan barlıq iygilikli jumıslardan gózlengen tiykarǵı maqset mámleketimiz potencialın asırıw, xalqımız párawanlıǵın tamiyinlew, azat hám abat watan tiykarın bekkemlew, bárkámal áwladtı er

jetkeriwge qaratılǵan. Jaslarımızdıń oqip-úyrenip, zamanagóy ilimlerdi iyelep, salamat hám mànàwiy jetik áwlad bolib erjetiwi jolinda keń kólemli jumıslar ámelge asırılıp, zárúr sharayatlar jaratılıp atır. Hár jılı mámleketimiz jaslarınıń keleshek gúlleniwin oylap hám de jaslarımızdıń mútajliginen kelip shıqqan halda, zamanagóy mektepler qurılıp atır, olar eń sońǵı markadaǵı oqıw-laboratoriya úskeneleri menen támiynlenip atır. Sonday eken, mámleketimiz perzentlerimiz perspektivası ushın turaqlı qayǵırıp atirǵan bir waqıtta «globallasıw» sıltawı astında tárbiyanı izden shıǵarıwshı, máwiyatin kemiriwshi hár qanday jat tasirlarden jaslarımızdı qorǵaw, dúnyada bolip atırǵan informaciya qáwpine qarsı jaslarımızda salamat immunitetti qáliplestiriw, sergeklikti bir minutta bolsın qoldan bay bermew búgin suw hám hawa sıyaqlı eń zárúrli zárúriyatqa aynalǵan. Kommunikativ aktivliktiń joqarı dárejesi intalı jaslarda maǵliwmat hám informaciyalarǵa bolǵan mútajlikti eki márte asıradı. Olarǵa tán bunday ayırmashılıqlar unamsız aqıbetlerdi de keltirip shıǵarıwı múmkin. Sol sebepli, jaslar aldında informaciya tańlaw múmkinshiligi oǵada joqari bolǵanlıqtan, onıń talabın qandıra almaytuǵın maǵlıwmatlar bir demde bahasın joq etiwi anıq. Sol kózqarastan qaraǵanda, házirgi dáwirde informaciya tutınıwı aldınǵılardan úlken parıq etedi.

Zárúr informaciyalarǵa iye boliw dáwir talabı. Biraq, búgingi kúnde, shaxs, social topar, millet, jámiyet hám mámlekettiń ózi haqqında informaciyalardı tarqatıwı da zárúrli áhmiyetke iye boladı.

Insan ushın informaciya eń tàsirsheń qural bolıp tabıladı, sebebi onıń sana-sezimi bar. Logikalıq dálil, qala berse, informaciya jetkiziwdiń eń ápiwayı usılları oǵada úlken kúshke iye bolıp, oǵan heshkim heshnárseni qarsı qarata almaydı. Insannıń tábiyatı sonday jaratılǵan, ol informaciyanı qabıl etpesten, onı tùsiniwge háreket etpesten jasalmaydı. Ásirese, intalı oqıwshılar buǵan kóbirek mútajlik sezedi. Sol kózqarastan olar maǵlıwmattı kóredi, esitedi, oqıydı hám eń áhmiyetlisi, mudamı, úzliksiz túrde, kùni-tùni oǵan jetip baratuǵın informaciyanıń tàsirinde jasaydı. Sol sebepli informaciya járdeminde kimgedur ruwxıy tasir etejaq bolǵanlarǵa sol adamnıń psixologiyası kómeklesedi. Sol kózqarastan olardıń zárúrlilerin alıw, saqlap hám uzatıw sistemasın tuwrı jolǵa qoyıw kerek.

**Ádebiyatlar analizi.** Insaniyat óz keleshegin saqlap abaylap qalıwı ushın nelerge salıstırǵanda qanday múnásibette bolmawı kerek degen másele óte ùlken áhmiyetli bolıp tabıladı. Álbette, globallasıw dúnyada bolıp atırǵan, artqa qaytpaytuǵın process. Basqa mámleketler qatarı biz ushın da zárúrli. Biraq ol bir jaqlama bolmawı kerek. Globallasıw milliy ózlikti joq etiw degeni emes! Dúnya keleshegi túrli xalıqlardıń ózine tán qádiriyatları, mádeniyatı, mànàwiyatı qádiriyatları menen gozzal hám bay esaplanadı. Olardıń hárbiri jasaw hám gùlleniwge haqlı. Biraq qaysı mámleket yamasa mámleketler, xalıq yamasa xalıqlar globallasıwdı óz mentalitetinen kelip shıǵıp, ózgelerge aralastırıwı insaniyat jámiyetke tuwrı kelmeytuǵın jaǵday esaplanadı. Ol jaǵdayda bul process bir tárepten payda etse, ekinshi tárepten ulken zıyan alıp keliwi, qádiriyatlarǵa zıyan jetkiziwi, xalıq óz kelbetinen ayrılgan «xalıq» qa, millet óz kelbetin joytqan «manqurt» qa aylanıp qalıwı itimaldan uzaq emes [3]. Bunday qàwipke jol qoymawdiñ sharasınıń biri: ózgeler qádiriyatın kemsitpegen halda óz qádiriyatlarımızdı bekkem turıp qorǵawımız, kerek bolsa, pùtkil jáhánge kórsetiwimiz kerek.

Globallasıw procesinde adamzat jámiyeti erisken globallasıw tariyxı, házirgi kúni, tabıs hám kemshilikleri, basıp ótken tariyxıy uzaq joldan alınǵan filosofiyalıq juwmaqlarǵa itıbar qaratıladı. Usınıń menen birge erteńgi kúnimiz párawanlıǵı jolında teoriyalıq qaraslardan áhmiyetli táreplerine názer salınadı «Adamlar órtke uqsaydı, degen edi oyshıllardan biri, ıssıdan payda al, kúydiriwinen abaylı bol» [4]. Rawajlanıw miyweleri de tap sonday, odan qorqıw emes, tek tuwrı paydalana biliw kerek. Qanday maqsette qollansańız, sol tárepke jetekleydi.

Jurtımızda baslanǵan barlıq iygilikli jumıslardan gózlengen tiykarǵı maqset mámleketimiz potencialın asırıw, xalqımız párawanlıǵın tàmiyinlew, azat hám abat watan tiykarların bekkemlew, bárkámal áwladtı er jetkiziwge qaratılǵan. Jaslarımızdıń oqıp-úyrenip, zamanagóy ilimlerdi iyelep, salamat hám mànàwiy jetik áwlad bolıp er jetiwi jolında keń kólemli jumıslar ámelge asırılıp, zárúr sharayatlar jaratılıp atır.

Insaniyat jámiyeti búgingi kúnde global mashqala hám olardı keltirip shıǵarıwshı faktorlardı saplastırıwdıń birden-bir jolı retinde mànàwiy hám aǵartıwshılıq uyǵınlıqtı muwapıqlastırıw, onıń optimal variantların demokratiyalıq principler negizinde etnopsixologiyalıq faktorlarǵa tayanǵan halda shólkemlestiriw máselesin kún rejimine alıp shıǵıp atır. Sol kózqarastan pedagog, psixolog, sociolog hám basqa tarawdıń wákilleri tárepinen global mashqala hám olardı keltirip shıǵarıwshı faktorlardı ùyreniw hám saplastırıwdıń tiykarǵı deregi milliy hám ulıwma insanıylıq mànàwiy qádiriyatlarǵa uyqas túrde talim hám tárbiyanı innovaciyalıq talim ortalıǵın qáliplestiriwdiń koncepcual ideyalarǵa muwapıq, zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında shólkemlestiriwge ùlken itibar berip atır.Tálim ortalıǵına innovaciyalıq jantasıw hám ilimiy ádebiyatlar analizi sonı kórsetedi, globallasıw procesiniń dáslepki dàwrinde onıń túp mánisin jaqsı oyda sáwlelendire almaǵanlıq sebepli, jámiyet jasları globallasıw abat turmıs, demokratiyalıq principler ústinligi, erkin sawda jolindaǵı tosıqlardı alıp taslaytuǵın hám barlıq milliy ekonomikanı bir jerge jıynaytuǵın unamlı hádiyse ekenligine isengen.

Biraq bul process olar aytqan sıyaqlı emes, al jámieyttiiń barlıq tarawlarına kirip barıp, onıń milliy qadiriyatları, turmıs tárizi, hám de isenim hám psixologiyasına da óz tasirini kórsetti. Globallasıw rawajlanǵan mámleketlerge payda keltirip, úshinshi dúnya màmleketlerine, yaǵnıy rawajlanıp atırǵan mámleketlerge, atap aytqanda, ekonomikası tómen, jáhán arenasında básekige shıdamlılıǵı jetkilikli bolmagan mámleketlerdi krizis tárepke jóneltiriwshi mexanizmlerge iye ekenligi júzege shıǵıp atır. Globallasıw, onıń mámleket hám jámiyetler turmısında tutqan roli jóninde I.I.Belyaev – ...globallasıw basqa (rawajlanıp atırǵan ) mámleketler social mànàwiy turmısına unamsız tasir etiwi múmkin degen ilimiy oy-pikirlerin ilgeri súrgen [5].

**Analiz hám nátiyjeler.** Sonıń menen birge, globallasıw aqıbetleri nátiyjesi retinde rawajlanıp atırǵan mámleketlerge miynet migraciyası sebepli subsidiyalanǵan aymaqlarda jumıssızlıqtıń kóbeyiwi, tuwıwshılıqtıń tómenlewi, qorshaǵan-ortalıq degradaciyası, milliy

kárxanalar hám transmilliy korporatsiyalar ortasındağı joqarı báseki, bazarlardı monapolyasıwdıń kúsheyiwi hám de ekonomikalıq ayırmashılıqtıń asıwına alıp keledi. Globallasıw jámiyet milliy baylığı bolǵan dóretiwshilik apattı tezlestiredi, adamlar hám ulıwma jámiyet turmıstıń jańa formalarına iykemlesiwge salıstırǵanda agressiyanı keltirip shıǵaradı hám de jámiyette bolıp atırǵan ideyallar, qádiriyatlar hám qàdiryatlardı shıǵarıp taslaydı. Onıń ornını mámleket hám jámiyet hám de millet hám xalıqqa xızmet etpeytuǵın zamanagóy ideyalar hám qádiriyatlardı usınıs etedi.

Informacion jámiyettiń real waqıyalıǵı, bárshemizdi búgingi kúndegi ózgerislerge sanalı hám racional faktorlar kózqarasında jantasıwdı talap etken halda, milletler, xalıqlar, mámleketler, ulıwma insaniyattıń mànàwiy turmıs haqqındaǵı qaraslardı, koncepciyaları, ideya hám ideologiyalar, individual jáne social pikirleri ortasındaǵı múnasibetler quramalı, hátte, ayırım jaǵdaylarda, qarama-qarsılıǵında kórinetuǵın bolıp atır Jámiyetimizde bolıp atırǵan integraciyalıq rawajlanıwdıń jaslar tárbiyasına tásirin ùyreniwde sotsiolog, psixolog, mànàwiyat, pedagog hám gumanitar tarawdıń qánigelerin oylandırıp atırǵan máselelerden biri kosmopolitizm ideyası hám ǵalabalıq mádeniyat bolıp atırǵanlıǵı hesh kimge sır emes.

Usı mashqalalardı saplastırıw júzesinen birqatar ilimiy-teoriyalıq usınıs hám pikirler alǧa sùrilip, jaslar ómiri, atap aytqanda, jámiyet turmıs-tárizine salıstırǵanda bul jat ideyalardı unamsız tàsirin minimallastırıw máseleleri alǧa sùrilip atır. Bul jantasıwlar negizinde islep shıǵılǵan jáne social-màdeniy áhmiyetke iye bolǵan aldaǵı konsepsual mexanizmlerdi jámiyet ómiriniń barlıq buwınlarına tolıq realizaciya etiw dáwir talabı.

**Juwmaq hám usınıslar.** XX ásirdiń 90-jıllarda payda bolǵan kóp qàwipli hám ideologiyalıq plyuralizm, global sawda tarmaqlar, sivilizaciyalıq integraciyalasıw ǵalabalıq mádeniyat dúnyanıń ózara dialektikalıq baylanıs hám qarama-qarsılıqlar birligi tiykarında háreket etetuǵın úlken, óz ara bir-birine tasir etiw kúshine iye bolǵan sistema retinde iskerlik kórsetiwdi talap etedi.

Bul procestiń rawajlanıw nizamlıq hám principlerı, ayrm qánigeler kózqarasında, pútkil dúnyada ekonomikalıq hám mádeniy mákannıń payda bolıwı, hám de birden-bir insaniy ortaqlıqtıń payda bolıwı, informaciya almasıw procesinde birden-bir mákanınıń júzege keliwi insaniyat civilizatsiyasınıń jańa forması júzege keliwine sebep boladı degen shamalar bar. Kosmopolitik ideya jáne onıń bar ekenligi, tariyxıy ótmishi uzaq, milliy qádiriyatları bay hám keleshegi ullı bolǵan ǵárezsiz mámleketlerdiń erteńgi kúni hám jasları perspektivasına qáwip salıp qoyıwı múmkinligin itibardan shette qaldırmaǵan halda, turaqlı qıraǵılıqtı umıtpaw kerek.

Búgingi kúnde jámiyetimiz jasları mànàwiy hám madaniy bilimliligi, sana-sezimine jáne oylawı menen baylanıslı bolǵan máselelerdi ilimiy kózqarastan hár tárepleme tereń úyreniw, sırtqı tásirlerden qorǵay alatuǵın social-psixologiyalıq mobil izalyatsion mexanizmdi jaratıw dáwir talabı bolıp atır.

Biz tárepimizden ilgeri súrilip atırǵan mobil social-psixologiyalıq izolyaciyalıq mexanizm ideyası mámleket hám jámiyet mánáwiy turmısı, onıń rawajlanıw, hám de jaslar perspektivasın támiynlegen halda ata-babalarına múnásip áwlad bolip qalıwına xızmet etken halda, millet retinde mıń jıllar dawamında onıń bar ekenligin támiyinlep beredi.

Juwmaq etip aytqanda, globallasıw dárejesi sol social qurılma ishinde arnawlı bir shaxs, insannıń jetilisiwi ushın qanday múmkinshiliklerge iye ekenligi menen belgilense, maqsetke muwapıq boladı.

**Ádebiyatlar**

1. Mirziyoyev Sh.M. Erkin hám abadan, demokratiyalıq Ózbekstan mámleketin birgelikte quramız. – Toshkent: «O‘zbekiston», 2016.
2. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. – Toshkent: «O‘zbekiston», 2017.
3. Umarov B. Globallasıw qarama-qarsılıqları. – Toshkent: «Ma’naviyat» 2006.
4. Yusuf Xos Hojib. Kutatǵu bilig. Baxıtqa jollawshı bilimler. – Toshkent: «Fan», 1991.
5. Quronov M. Milliy tarbiya. – Toshkent: «Ma’naviyat», 2007. 240- b.